



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN TASIKMALAYA
MADRASAH TSANAWIYAH NEGERI 11 TASIKMALAYA
Alamat: Jl. Pasir jaya Desa Tanjungjaya kec. Tanjungjaya kab. Tasikmalaya

PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT)
TINGKAT MADRASAH TSANAWIYAH (MTs)
TAHUN PELAJARAN 2024 / 2025

Mata Pelajaran : Bahasa dan Sastra Daérah (Basa Sunda)
Tingkat Satuan Pendidikan : Madrasah Tsanawiyah
Kelas/Semester : VIII/2
Hari/Tanggal :
Waktu :

PETUNJUK UMUM

1. Jawaban dikerjakan pada lembar jawaban yang disediakan baik untuk jawaban pilihan ganda maupun jawaban uraian.
2. Gunakan pensil hitam yang lunak atau ballpoint untuk mengisi pada lembar jawaban
3. Tulislah pada lembar jawaban dengan jelas : Nama, Nomor Peserta, Madrasah Asal, Tanggal PAT, Jam ke, dan tanda tangan kemudian hitamkan bulatan yang sesuai
4. Apabila menjawab dengan jawaban yang keliru /salah , dan ingin memperbaikinya, maka hapuslah jawaban yang keliru itu dengan karet penghapus pensil, kemudian hitamkan bulatan lain sesuai dengan jawaban yang benar.
Contoh : pilihan semula a ☐ b ☒ c ☐ d ☐ dibetukan menjadi a ☐ b ☒ c ☐ d ☐
5. Apabila keliru mengerjakan dengan ballpoint, garislah dengan dua garis mendatar pada jawaban yang keliru itu, kemudian hitamkan bulatan lain sesuai dengan jawaban yang benar.
Contoh : Pilihan Semula a ☐ b ☒ c ☐ d ☐ dibetukan menjadi a ☐ b ☒ c ☒ d ☐
6. Dahulukan menjawab soal-soal yang anda anggap mudah
7. Awali dengan membaca Basmalah dan akhiri dengan Hamdalah.

I. Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat, dengan menghitamkan bulatan jawaban pada huruf a, b, c, dan d pada lembar jawaban yang disediakan.

1. Jang, hirup teh teu gampang. Teu cukup ku dipikiran. Tapi kudu dilakonan. Jang, jalan kahirupan.henteu salawasna datar. Aya mudun jeung tanjakan.
Amanat nu kaunggel tina rumpaka kawih diluhur, nyaeta....
A Dina ngambah kahirupan, unggal jalma bakal panggih jeung cobaan,boh leutik boh gede
B Kahirupan jalma boga jalan sewang-sewangan, aya nu benghar aya nu miskin
C Memeh ngajalankeun hiji hal kudu dipikirkeun heula bisi hanjakal akhirna.
D Mudun jeung nanjak jalan kahirupan hiji jalma kumaha manusana sorangan.
2. Situ ciburuy laukna hese dipancing
Nyeredet hate ningali ngeplak caina
tuh itu saha nunggalangkung unggal enjing
nyeredet hate ningali sorot socana
kawih diluhur, diwangun dina wangun....
A Paparikan
B Wawangsalan
C Rarakitan
D Dongeng
3. jang, hirup téh teu gampang, teu cukup dipikiran, bari kudu dilakonan Jang, jalan kahirupan, teu sapanjangna datar, aya mudun jeung tanjakan Rumpaka kawih di luhur, ngagunakeun gaya basa
A Personifikasi
B Hiperbola
C Métafora
D Litotés
4. Dengkleung déngdék, dengkleung déngdék sisi lamping Anu déwék,
enya anu kuring Tanah wasiat tanah duriat, anu matak tibelat na rarasaan
Nu jadi jejer dina rumpaka di luhur, nya éta....
A Kanyaah ka lemah cai
B Kaayaan rasa nu tibelat
C Kanyaah ka sasama manusa
D Kanyaah ka sisi lamping

5. Di sawatara wewengkon Kabupatén Tasikmalaya, Ciamis, Pangandaran, Garut jeung Sukabumi, datangna lini téh beunang disebutkeun mindeng. Nu jadi panyababna mah, sakumaha katerangan ti BMKG, puseur lini téh ayana di dasar laut nu teu pati jauh ti éta wewengkon, katurug-turug lahan matérialna hipu. Eta pangna dina sakalina lini téh sok ngabalukarkeun beulahna tanah, disusul ku tinggalebruna wawangunan. Jejer warta di luhur nya eta
- A Kasangtukung mindengna kajadian musibah lini C Musibah di lima wewengkon kabupatén di Jawa Barat
- B Cara pihak BMKG ngadétéksi lini D Akibat musibah lini di lima kabupatén
6. Milih pamingpin, lir nu meuli jeung nu dagang, aya anu nawarkeun aya anu meulina. Kulantaran kitu, nangtukeun pamingpin mah, teu bisa nogéncang. Da dua pihakna téh papasangan. Silih pikabutuh, pamingpin butuh rahayat, kitu deui sabalikna. Jejer warta di luhur nya éta
- A Nangtukeun pamingpin C Nu meuli jeung nu dagang
- B Silih pikabutuh D Hirup téh papasangan
7. *Ni'mat pisan jadi umat muslim*
Haté teguh tanggoh
Salieuk béh ku loba sadérék
Sosonoan jeung sakolong langit
Saméméh jung balik
Nuju alam kubur
 Jejer pedaran dina pupuh Mijil di luhur Ngeunaan....
- A Ibadah méméh maot C Umat muslim téh sadulur
- B Hirup hurip manusa D Nyiar élmu
8. *Ngakeul ketan diadonan*
Diadukeun sareng santen
Sateuacan Romadonan
Rék nyuhunkeun dihapunten
 Nurutkeun wangunna sisindiran di luhur kaasup kana....
- A Rarakitan C Paparikan
- B Wawangsalan D Pantun
9. Mun ngala konéng di Bandung Geus tangtu mawa carangka Eusi sisindiran nu cocok nya éta....
- A Mun ulangan hararésé Tandana kurang diajar C Mun urang goréng ka indung Geus tangtu matak doraka
- B Lamun urang boga gawé Moal hésé barang dahar D Lamun manéh goréng lampah Nausrukeun ka indung bapa
10. Sisindiran lain ngan ukur aya dina sastra Sunda wungkul, dina sastra Batak, Tapanuli, Melayu, jeung Jawa gé aya. Dina sastra Jawa mah sisindiran téh disebut....
- A Parikan C éndé-éndé
- B Pantun D Karmina
11. Sisindiran dina sastra Sunda méh sarua jeung ... dina sastra Tapanuli.
- A Parikan C éndé-éndé
- B Pantun D Karmina
12. Dumasar wangunna sisindiran dibagi tilu, nya éta
- A paparikan, pantun, wawangsalan C rarakitan, wawangsalan, Bangbalikan
- B pantun, rarakitan, bangbalikan pantun D wawangsalan, rarakitan, paparikan
13. Teu puguh monyét hideungna Asa teu puguh tungtungna (Lutung) Sisindiran di luhur kaasup kana wangun....
- A Paparikan C wawangsalan
- B Rarakitan D pantun
14. Meuleum manggu tengah poé dicokélan kayu api malem minggu ninggang sué diapélan aki-aki Sisindiran di luhur kaasup kana sisindiran nu sifatna....
- A Piwuruk C Silih asih
- B Sésébréd D pangajak
15. Ieu mangrupikeun conto cangkang dina sisindiran, mana anu paling tepat....

- A Ulah sok nginjeum duit
B Kabogoh batur dipikacinta
- C Buah cengkir ti Gunung Kawi
D Tong leumpang bari seuri
16. Teu puguh monyét hideungna Asa teu puguh tungtungna (wangsalna:)
A Belut
B Eurih
C Monyet
D Lutung
17. Tanggapan urang kana adat istiadat kampung Naga, saupama urang ngajugjug ka Kampung Naga, nya éta
A Keun baé teu patuh ogé kana aturan Kampung Naga, lantaran urang mah lain penduduk kampung Naga.
B Ngajénan kana adat istiadat urang Kampung Naga, kucara henteu ngarempag kana aturan masarakat Kampung Naga.
C Ngaganti aturan masarakat Kampung Naga sangkan saluyu jeung aturan kampung-kampung liana.
D Ngalaksanakeun kawajiban adat saperti masarakat Kampung Naga sok sanajan urang lain pendudukan kampung Naga.
18. Dikampung naga sok aya upacara adat, salah sahiji Tujuan upacara adat hajat sasih di Kampung Naga nya éta....
A Pikeun ngaraksa kaharmonisan antara manusa jeung alam sakitar
B Pikeun ngalaksanakeun kahayang karuhun dina waktu panen
C Pikeun nampa tamu ti luar kampung
D Pikeun ngagunkeun pamingpin kampung
19. Ajengan Sodikin guru ngaji téh, jalmina hadé tata hadé basa, handap asor, tur umis budi sok sanajan ka barudak. Dina prakna ngajar, ku anjeunna mah dibéjérbéaskeun harti jeung maksudna tur dilarapna dina kahirupan sapopoe.
Maksud dibéjérbéaskeun dina kalimah di luhur, nya éta....
A Dijéntrékeun nepi ka bubuk leutikna
B Ditolis dina papan tulis
C Dicatet dina buku masing-masing santri
D Dianalisis bari jeung dipraktékeun
20. Masih inget nepi ka ayeuna papatahna keur diri sorangan, mangkadé hirup téh ulah kabawa ku sakaba-kaba. Dina nyanghareupan hiji perkara téh sing asak nya jeujeuhan, ka hareup ngala sajeujeuh ka tukang ngala sajeungkal.
Maksud pakeman basa ulah kabawa ku sakaba-kaba nya éta
A Ulah gancang katarik ku kadaharan atawa kauntungan nepi ka poho kana pertimbangann hade jeung goréngna.
B Ulah migawé pagawéan ku pangaruh anu teu puguh, sabab moal aya mangpaatna keur urang
C Ulah miceun rejeki anu geus puguh hadéna atawa ulah ngamubadirkeun rejeki.
D Ulah ngalakukeun pagawéan anu sakira-kira can kaduga.
21. Conto kalimah nu maké gaya basa mijalma....
A Tangkal kalapa gugupay ka manéhna nu rék ninggalkeun lemburna.
B Isukan Persib Maung Bandung bakal tampil ngalawan Macan Kemayoran di Stadion Jalak Harupat.
C Sajongjonan mah manéhna ngembang kadu, bakat ku kagét.
D Iraha badé ngersakeun rurumpaheun ka saung butut sim kuring?
22. Gaya basa lalandian atawa métafora nya éta mapandékeun barang kana barang deui anu mibanda sipat anu sarua. Conto kalimah nu maké gaya basa lalandian nya éta
A Sora suling ngabangingik mirig lagu sedih.
B Raja dangdut Rhoma Irama béjana bakal ngahibur warga Tasikmalaya
C Tuang putra teh kirang pisan dina matematikana.
D Upama lempang teh neng rina mah lir macan teunangan
23. Kasenian anu sok dipentasseun di Kampung Kuta nyaéta gondang atawa réngkong, nu remen dipentasseun satutasna panén. Di Kampung Kuta mah upacara sanggeus panén téh disebut hajat bumi. Carana méh sarua jeung adat kampung adat séjénna, ti mimiti hélaran nepika ngunggahkeun kana leuit.
Jejer nu dipedar dina wacana di luhur nya éta
A Kasenian
B Upacara tatanén
C Paré di Kampung Kuta
D Kegiatan satutas panén
24. Kuring dikudukeun solat di tajug ku indung. Lain indung kuring bae, indung babaturan ogé sarua Atuh kuring jeung batur kuring pasti nurut, sok sanajan sakapeung horéam. Inget kasauran ajengan, indung téh tunggul

rahayu ari bapa tangkalna darajat. Teu lila Si Apép ngagorowok nyalukan. Nyampeur. Hudang laju ka cai, ka pancuran tukangeun imah. Gesat-gesut wudu. Cep cai és nangkeup awak.

Kalimah nu kaasup kana pakeman basa nya éta

A Kuring dikudukeun solat di tajug ku indung C Teu lila Si Apép ngagorowok nyalukan. Nyampeur.

B Inget kasauran ajengan, indung téh tunggul D Hudang laju ka cai, ka pancuran tukangeun imah. Gesat-gesut wudu.

25. Aya tilu ajen inajen nu picontoeun dina babasan diantarana :

A Adil palamarta = kacida adilna

C Beurat birit = kedul

B Amis budi = hade budi parangi

D Biwir nyiru rpmbeheun = bawel

26. Puguh ge mani asa ... hayang meuli sapatu keurv sekolah, ari kamari dibere ku mamang.

Pakeman basa anu cocok nyaeta:

A Mobok manggih gorowong

C Herang caina beunang laukna

B Tamiang melit kabitis

D Mihape hayam ka heulang

27. *anu nulis rumpaka kawih nu karasa ku nu ngaregepkeun atawa nu maca, upama sedih, nalangsa, bungah kaasup kana*

A Tema

C Rasa

B Nada

D Amanat

28. Karangan wangun ugeran (puisi) anu pondok dina wangun pupuh disebutna

A Guguritan

C Asmarandana

B Prosa

D Majas

29. Sanggeus maca, nempo, ngaregepkeun laporan kajadian sok timbul aya

A Olah raga

C Olah rasa + pikiran

B Olah rasa

D Teu aya rasa

30. Nilik kana harti jeung sipat nu dikandungna, pakeman basa diwangun ku sababraha wanda. Dumasar wandana nu kaasup kana pakeman basa nyaeta :

A Babasan

C Sisindiran

B Rarakitan

D Wawacan

II. Betul-Salah

31.	Sistematis dina prosa deskripsi nyaeta bagian-bagian gambaran teh kudu nyusun. Puguh eunteu seureuhna.	B	S
32.	Dina keur ngagambarkeun kaayaan tea, gunakeun kecap-kecap anu merenah tur istilah-istilah anu geus maneuh.	B	S
33.	Pedaran penting lamun rek nerangkeun kampung adat nyaeta : lokasi, sajarah, ciri has eta kampung, pantangan jeung kasenian.	B	S
34.	Sikep urang kana pantangan kampung adat nyaeta ngahormat tur ulah ngalanggar kana eta adat lamun urang aya di wewengkon eta kampung.	B	S
35.	Peran pamarentah kana lestarina kampung adat teh perlu pipilueun, lantaran tujuan pamarentah beda jeung tujuan masyarakat kampung adat.	B	S
36.	Harga cabe kiwari kalahka beuki apung-apungan conto gaya basa rarahulan	B	S
37.	Anak mang aang kembar sapasang conto gaya basa ngasor	B	S
38.	Gaya basa rautan nyaeta rakitan basa anu ngandung maksud ngomah-ngomahan hate batur sangakan teh nyentug teuing.	B	S
39.	Gaya basa ocon disebut majas alegori	B	S
40.	Asak warah = hade atikan, basa jeung paripolahna merenah	B	S

III. URAIAN

Kampung Adat mangrupikeun ciri khas bangsa Indonesia anu loba aturan jeung budayana, salah sahiji kamanpaatan kampung adat pikeun Bangsa Indonesia nyaeta: Ngajaga Warisan Budaya Leluhur, Ngadukung Pariwisata Budaya, Ngajaga Kearifan Lokal jeung Kelestarian Alam tur Sumber Pangajaran pikeun Generasi Salajengna.

41. Naon sababna kampung naga kaasup kana kategori kampung adat sunda?
42. Kumaha sikep hidep kana adat-istiadat tradisi nyawer ?
43. Jentrekeun pungsi kampung adat keur pariwisata?
44. Jieun conto kalimah anu make gaya basa mijalma?
45. Hartikeun kecap 'cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok'